**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–01.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निवार्चन आयोग मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक दोसर चरणक अंतर्गत निवार्चन सूची के प्रारूपक प्रकाशन कऽ देलक अछि। मतदाता सूची के भौतिक आ डिजिटल प्रति सभ मान्यता प्राप्त राजनीतिक दल के सेहो उपलब्ध करा देल गेल अछि। आयोग कहलक अछि जे मतदाता आ राजनीतिक दल एहि सूची पर एक सितम्बर धरि दावा–आपत्ति कऽ सकैत छथि। नब्बे हजार बूथ लेवल अधिकारी लोकनि के एहि काज मे लगाओल गेल अछि। आयोग कहलक जे दावा–आपत्ति के निष्पादनक लेल सभ प्रखंड सह–अंचल कार्यालय तथा शहरी निकाय कार्यालय सभ मे दू अगस्त सँ एक सितम्बर धरि विशेष कैंप लगाओल जायत। ई कैंप सप्ताह के सातो दिन पूर्वाह्न दस बजे सँ अपराह्न पाँच बजे धरि संचालित होयत।

आयोग कहलक जे पात्र नागरिक जिनकर नाम कोनो कारण सँ प्रारूप निर्वाचन सूची मे सम्मिलित नहि भऽ सकल अछि ओ घोषणा पत्र आ आवश्यक दस्तावेजक संग दावा–आपत्ति कऽ सकैत छथि। ओतहि, दिव्यांग आ बुजुर्ग मतदाता लोकनि सँ बीएलओ हुनकर घर जाकऽ आवेदन प्राप्त करताह। पच्चीस सितम्बर धरि दावा आपत्ति सँ संबंधित विभिन्न आवेदन सभक जाँच होयत। एकर बाद तीस सितम्बर के अंतिम मतदाता सूची प्रकाशित कयल जायत। एहि सूची के आधारे पर विधानसभा चुनाव कराओल जायत।

---

संसदक दुनू सदन लोकसभा आ राज्यसभाक कार्यवाही आइ बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षणक मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी सदस्य लोकनिक जोरदार हंगामा आ नाराबाजीक कारण सोम दिन धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल।

---

निवार्चन आयोग उप राष्ट्रपति चुनावक कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। मतदान नओ सितम्बर के होयत आ एहि दिन मतक गिनती सेहो होयत। सात अगस्त के चुनाव संबंधी अधिसूचना जारी हेबाक संगहि नामांकनक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ जायत। नामांकनक अंतिम तिथि एक्कैस अगस्त निर्धारित अछि। विदित अछि जे जगदीप धनखड़ के त्याग पत्रक बाद सँ उप राष्ट्रपति के पद रिक्त अछि।

—————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक बीसम किस्त जारी करताह। केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि जे श्री मोदी वाराणसी मे आयोजित एक कार्यक्रम सँ नओ करोड़ सत्तरि लाख किसान लोकनिक बैंक खाता मे पाँच सय करोड़ टाका के राशि डीबीटी के माध्यम सँ अंतरित करताह। बिहारक चौहत्तरि लाख सँ बेसी किसान लोकनिक बैंक खाता मे योजनाक राशि पठाओल जायत। श्री चौहान देशभरि के किसान लोकनि सँ एहि कार्यक्रम मे सम्मिलित हेबाक आग्रह कयलनि अछि।  किसान सम्मान निधि योजनाक बीसम किस्तक राशि जारी हेबाक अवसर पर पटनाक बापू सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान सम्मिलित हेताह।

—————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार शिक्षा विभागक अंतर्गत कार्यरत भनसिया, रात्रि प्रहरी आ शारीरिक शिक्षा तथा स्वास्थ्य अनुदेशक लोकनिक मानदेय राशि दोगुना करबाक घोषणा कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार कहलनि जे आब मध्यान्ह भोजन योजना मे कार्यरत सभ भनसिया सभ के एक हजार छओ सय पचास टाका के बदला तीन हजार तीन सय टाका प्रतिमास मानदेय भेटत। ओतहि, माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक विद्यालय मे कार्यरत रात्रि प्रहरी के मानदेय हरेक मास पाँच हजार टाका सँ बढा कऽ दस हजार टाका करबाक निर्णय कयल गेल अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे शारीरिक शिक्षा आ स्वास्थ्य अनुदेशक लोकनि के आब हरेक मास आठ हजार टाका के स्थान पर सोलह हजार टाका मानदेय भेटत। संगहि शारीरिक शिक्षक आ स्वास्थ्य अनुदेशक लोकनिक वार्षिक वेतन वृद्धि दू सय टाका के स्थान पर चारि सय टाका करबाक निर्णय लेल गेल अछि।

—————————————————————————

राज्य मे आइ सँ घरेलू बिजली उपभोक्ता लोकनिक लेल एक सय पच्चीस यूनिट मुफ्त बिजली के व्यवस्था प्रभावी भऽ गेल अछि। ऊर्जा विभाग कहलक अछि जे उपभोक्ता लोकनि के जुलाई मासक विपत्र सँ एकर लाभ भेटत। ओतहि, स्मार्ट प्रीपेड मीटरवला उपभोक्ता लोकनि के एक सय पच्चीस यूनिट के बाद खपत भेल बिजलीक राशि काटि कऽ शेष राशि रिफंड कऽ देल जायत। अगस्त मास सँ एक सय पच्चीस यूनिट बिजली के उपयोग करऽवला उपभोक्ता लोकनिक बिल शून्य आओत। एकर बादक खतप पर उपभोक्ता लोकनि के निर्धारित अनुमानित दर पर बिजली बिल के भोगतान करऽ परत। सरकारक एहि निर्णय सँ एक करोड़ छियासी लाख सँ बेसी उपभोक्ता लोकनि के एकर लाभ भेटत।

---

मॉनसूनक सक्रियता सँ राज्यक बेसी तर भाग मे लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सऽ प्राप्त जनतबक अनुसार पटना जिलाक पंडारक मे सभ सँ बेसी एक सय बत्तीस मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल अछि। मौसम विभाग आइ खगड़िया, जमूई, मुंगेर, बांका, गया, शेखपुरा, लखीसराय, बेगूसराय, भागलपुर, नवादा, नालंदा आ पटना जिला मे किछु ठाम पर भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक शेष भाग मे सेहो तेज हवाक संग वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि।

---

समाप्त भेल।